

## **CityFHEPS Eta a Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ) (Haitian Creole)**

### **1. Kisa ki pwogram CityFHEPS Eta a?**

Patisipan CityFHEPS ki gen yon lèt acha kapab kounye a itilize sibvansyon CityFHEPS yo nenpòt kote nan Eta New York (NYS).

### **2. Kimoun ki kalifye?**

Tout moun ki abite menm kay la (fwaye) ki gen yon lèt acha CityFHEPS ki valab ki nan chèltè oswa nan kominate a kapab deplase andeyò Vil New York (NYC). Patisipan CityFHEPS aktyèl yo ki apwouve pou yon rezon valab pou transfè kapab relokalize tou.

### **3. Èske CityFHEPS ka itilize nan yon lòt Eta?**

Non, CityFHEPS ka itilize sèlman nan Eta New York la.

### **4. Èske yo ka itilize CityFHEPS pou lwe chanm andeyò Vil New York la?**

Non, sèlman apatman yo kapab lwe andeyò vil New York la.

### **5. Èske Iwaye maksimòm CityFHEPS yo menm jan andeyò Vil New York la.**

Yo fikse Iwaye CityFHEPS ki deyò Vil New York yo selon estanda lokal yo. To alokasyon pou sèvis publik yo diferan tou pou konte Westchester ak rès Eta New York la. Pou wè orè Iwaye CityFHEPS la andeyò Vil New York la, tanpri ale sou sit entènèt DSS CityFHEPS nan <https://www1.nyc.gov/site/hra/help/cityfheps-documents.page>.

### **6. Èske yon revizyon apatman an nesesè lè w ap deplase andeyò Vil New York?**

Wi. DHS oswa anplwaye founisè yo fè vizit gide pandan y ap itilize yon lis verifikasyon apatman konplè pou tout inite ki nan Vil New York, nan Konte Nassau, Rockland, Suffolk, ak Westchester nan Eta New York. Apatman nan tout lòt Konte yo pral sèlman gen opsyon pou yon vizit vityèl.

### **7. E si apatman an pa pase verifikasyon an?**

Si apatman an pa pase verifikasyon an, men yo fè koreksyon nan yon tan apwopriye epi apatman an pase yon dezyèm verifikasyon oswa jwenn yon Sètifikasi Koreksyon pou eta yo nan men otorite lokal la, apatman an ka toujou apwouve.

## **CityFHEPS Eta a Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ) (kontinye)**

### **8. Ki resous sipò ki disponib si mwen demenaje andeyò vil New York la?**

Patisipan CityFHEPS yo ka rele Liy Dirèk Andeyò vil la nan 718-557-1399 si yo:

- gen pwoblèm ki gen rapò ak lojman mèt kay la pa ranje;
- ap mete yo deyò oswa yo menase pou mete yo deyò;
- ap fè fas ak yon pèt oswa yon bès nan revni yo epi si yo bezwen yon referans pou sèvis pou ede yo ogmante revni yo (pa egzanp, fòmasyon pou travay oswa sèvis karyè);
- gen pwoblèm ki ta ka afekte kapasite yo pou yo rete nan lojman pèmanan;
- bezwen konsèy sou lòt sèvis ki disponib nan kominote yo a (pa egzanp, enfòmasyon sou fason pou enskri yon timoun lekòl).

### **9. Kisa k ap pase si mwen kite apatman an pandan peryòd kontra Iwaye a?**

Ou dwe di DSS san pèdi tan si ou kite apatman anvan fen peryòd CityFHEPS. Si ou vle kite men ou poko fè sa li posib pou jwenn yon rezon valab pou transfè. Kontakte Liy Dirèk Andeyò vil la nan 718-557-1399.

### **10. Si yon mèt kay eseye mete mwen deyò pandan premye ane a, kijan mwen ka jwenn èd?**

Lokatè yo ka rele Liy Dirèk la epi mande enfòmasyon sou sèvis prevansyon degèpisman ki disponib nan kominote yo a. Selon kondisyon akò pwoprietè a, si yo mete lokatè a deyò, mèt kay la ap oblige remèt nenpòt lajan ki depase pou lè kliyan a te rete nan apatman an. Si yo pa remèt lajan an, Minisipalite Vil la gendwa itilize mwayen legal pou eseye remèt lajan an mèt kay la te pran.

### **11. Konbyen tan CityFHEPS dire andeyò vil New York la?**

CityFHEPS dire menm kantite tan nan nenpòt kote lokatè yo elijib pou kat renouvèlman anyèl ak ane adisyonèl posib akòz yon rezon valab.

### **12. Kijan renouvèlman anyèl la ka fonksyone andeyò vil New York la?**

Yo ka voye renouvèlman an pa imèl oswa lapolis bay DSS.

### **13. Si kounye a m ap resevwa avantaj publik tankou Asistans Kach (Cash Assistance, CA) ak Asistans Nitrisyon Siplemantè nan Vil New York (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), konbyen tan yo dire nan yon nouvo Konte?**

Tranzisyon avantaj ki soti nan Vil New York ap dire yon mwa. Si w bezwen kontinye resevwa avantaj, w ap oblige aplike nan distri sèvis sosyal lokal ki nan nouvo Konte w la.